Документ подписан простой электронной подписью
Информация о владельце:
ФИО: Минцаев Магомед Шавалович
Должность: Ректор
Дата подписания: 23.11.2023 13:54:18
Уникальный программный ключ:
236bcc35c296f119d6aafdc22836b21db52dbc07971a86865a5825f9fa4304cc

**МИНИСТЕРСТВО НАУКИ И ВЫСШЕГО ОБРАЗОВАНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**ГРОЗНЕНСКИЙ ГОСУДАРСТВЕННЫЙ НЕФТЯНОЙ ТЕХНИЧЕСКИЙ УНИВЕРСИТЕТ**
**имени академика М.Д. Миллионщикова**

«УТВЕРЖДАЮ»
Первый проректор
И.Г. Гайрабеков
______________
«_1_» _09_ 2020 г.

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

дисциплины

# «ЧЕЧЕНСКИЙ ЯЗЫК»

**Направление подготовки**
27.03.01 Стандартизация и метрология
**Профиль**
«Метрология, стандартизация и сертификация»

**Квалификация**
Бакалавр

Грозный – 2020

## 1. Цели и задачи дисциплины

**Цель курса** «Чеченский язык» – повышение уровня практического владения современным чеченским литературным языком у специалистов технического профиля в разных сферах функционирования чеченского языка в его письменной и устной разновидностях.

**Задачи курса** состоят в формировании у студентов основных навыков, которые должен иметь профессионал любого профиля для успешной работы по своей специальности.

**2. Место дисциплины в структуре образовательной программы**

Учебная дисциплина «Чеченский язык» относится к факультативным дисциплинам гуманитарного цикла в учебном плане ОП направления подготовки бакалавров 13.03.01 «Теплоэнергетика и теплотехника» и предусмотрена для изучения в 1 семестре.

Данная дисциплина читается совместно с другими дисциплинами гуманитарного цикла: «Иностранный язык», «История».

**3. Требования к результатам освоения**

Процесс изучения дисциплины направлен на формирование следующих компетенций:

- способность к коммуникации в устной и письменной формах на русском и иностранном языках для решения задач межличностного и межкультурного взаимодействия (ОК-5).

В результате освоения дисциплины обучающийся должен:

**знать:**

- различие между языком и речью; функции языка;
- коммуникативные качества правильной чеченской речи;
- нормы современного чеченского литературного языка;
- различие между литературным чеченским языком и социальными диалектами;
- основные словари чеченского языка.

**уметь:**

- анализировать свою речь и речь собеседника;
- различать и устранять ошибки и недочеты в устной и письменной чеченской речи;
- правильно и уместно использовать различные языковые средства в данном контексте, передавать логические акценты высказывания, обеспечивать связность текста;
- находить в предложении или тексте и устранять подходящим в данном случае способом речевые ошибки, вызванные нарушениями литературных норм, а также отличать от речевых ошибок намеренное отступление от литературной нормы;
- оформлять высказывание в соответствии с нормами чеченского правописания.

- **владеть:**
- профессионально значимыми жанрами речи, основными интеллектуально-речевыми умениями для успешной работы по своей специальности и успешной коммуникации в самых различных сферах — бытовой, правовой, научной, политической, социально-государственной;
- отбором языковых единиц и такой их организации, чтобы семантика полученной речевой структуры соответствовала смыслу речи, соединения единиц с точки зрения их соответствия законам логики и правильного мышления, правильного использования средств связности, нахождения различных языковых средств с целью повышения уровня понимания речи адресатом

## 4. Объем дисциплины и виды учебной работы

**Таблица 1**

| **Вид учебной работы** | **Всего часов/зач.ед.** | | **Семестры** | |
|---|---|---|---|---|
| | | | **1** | **2** |
| | **ОФО** | **ЗФО** | **ОФО** | **ЗФО** |
| **Контактная работа (всего)** | **32/1,0** | **8/0,22** | **32/1,0** | **8/0,22** |
| В том числе: | | | | |
| Лекции | | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Практические занятия (ПЗ) | | 32/1,0 | 8/0,22 | 32/1,0 | 8/0,22 |
| **Самостоятельная работа (всего)** | | **40/1,1** | **64/1,78** | **40/1,1** | **64/1,78** |
| В том числе: | | | | | |
| Доклад | | 4/0,11 | 10/0,28 | 4/0,11 | 10/0,28 |
| Реферат | | | | | |
| *И (или) другие виды самостоятельной работы* | | | | | |
| Подготовка к практическим занятиям | | 18/0,5 | 18/0,5 | 18/0,5 | 18/0,5 |
| Подготовка к зачету | | 18/0,5 | 36/1,0 | 18/0,5 | 36/1,0 |
| **Вид отчетности** | | отчет | отчет | отчет | отчет |
| **Общая трудоемкость дисциплины** | **ВСЕГО в часах** | **72** | **72** | **72** | **72** |
| | **ВСЕГО в зачетных единицах** | **2** | **2** | **2** | **2** |

## 5. Содержание дисциплины

### 5.1 Разделы дисциплины и виды занятий

**Таблица 2**

| № п/п | Наименование раздела дисциплины | ОФО | | ЗФО | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Часы практических (семинарских) занятий | Всего часов | Часы практических (семинарских) занятий. | Всего часов |
| 1 | Нохчийн йозанан литературни мотт | 4 | 4 | 1 | 1 |
| 2 | Фонетика | 4 | 4 | 1 | 1 |
| 3 | Графика | 4 | 4 | 1 | 1 |
| 4 | Лексика | 4 | 4 | 1 | 1 |
| 5 | Дошкхолладалар | 6 | 6 | 1 | 1 |
| 6 | Морфологи | 10 | 10 | 2 | 2 |
| 7 | Синтаксис | 4 | 4 | 1 | 1 |
| | **ВСЕГО:** | **36** | **36** | **8** | **8** |

### 5.2. Содержание разделов дисциплины

**Таблица 3**

| № п/п | Наименование раздела дисциплины | Содержание раздела |
|---|---|---|
| 1 | Нохчийн йозанан литературни мотт | Нохчийн меттан коьрта диалекташ. Нохчийнметтан коьрта 1илманчаш. Нохчийн меттан коьрта газеташ, журналаш. |
| 2 | Фонетика | Аз, мукъа а, мукъаза а аьзнаш |
| 3 | Графика | Нохчийн метан алфавит. Шала а, шалха а элпаш. |
| 4 | Лексика | Омонимаш, синонимаш, антонимаш, архаизмаш, неологизмаш, т1еэцна дешнаш. Нохчийн метан словараш |

| | | |
|---|---|---|
| 5 | Дошкхолладалар | Дошкхолладаларан некъаш. Дешан х1оттам: лард, чаккхе, орам, суффикс, дешхьалхе |
| 6 | Морфологи | Ц1ердош, билгалдош, терахьдош, ц1ерметдош, хандош, куцдош |
| 7 | Синтаксис | Предложени. Предложенин тайпанаш. Цхьалхе а, чолхе а предложени. Предложенин дакъош. |

## 5.3. Лабораторный практикум *(не предусмотрен)*

## 5.4. Практические занятия (семинары)

**Таблица 4**

| № п/п | Наименование раздела дисциплины | Содержание раздела |
|---|---|---|
| 1 | Фонетика | Нохчийнметтан  коьрта диалекташ. Нохчийнметтан коьрта 1илманчаш. Нохчийн метан коьрта газеташ, журналаш. |
| 2 | Графика | Аз, мукъа а, мукъаза а аьзнаш |
| 3 | Лексика | Нохчийн меттан алфавит. Шала а, шалха а элпаш. |
| 4 | Дошкхолладалар | Омонимаш, синонимаш, антонимаш, архаизмаш, неологизмаш, т1еэцна дешнаш. Нохчийн метан словараш |
| 5 | Морфологи | Дошкхолладаларраннекъаш. Дешан х1оттам: лард, чаккхе, орам, суффикс, дешхьалхе |
| 6 | Синтаксис | Ц1ердош |
| | | Билгалдош |
| | | Терахьдош |
| | | Ц1ерметдош |
| | | Хандош |
| | | Куцдош |
| 7 | 7 | Предложени. Предложенин тайпанаш. Цхьалхе а, чолхе а предложени. Предложенин дакъош. |

# 6. Самостоятельная  работа студентов по дисциплине

### 6.1 Вопросы для самостоятельного изучения

**Таблица 5**

| № п/п | Темы  для самостоятельной работы |
|---|---|
| 1 | Бадуев С.С. Дахаран, кхолларaллин некъ. Бадуев С.С. а, къоман театр а. |
| 2 | АрсановС-Б. Дахаран а кхолларaллин а некъ. «Маца девза доттаг1алла» роман кхоллаялар |
| 3 | Мамакаев М.А. Дахаран а, кхолларaллин а некъ,  коьрта произведенеш. |
| 4 | Мамакаев 1.Ш. Дахаран, кхолларaллин некъ. Поэзехь Даймехкан васт. |
| 5 | Ошаев Х.Д. Дахаран а, кхолларaллин а некъ, «Алун шераш» романан чулацам. |
| 6 | Саидов Б.С. Дахаран а, кхолларaллин а некъ, коьрта произведенеш. |
| 7 | Сулаев М. Дахар а, кхолларaлла а, коьрта произведенеш |
| 8 | Дикаев М. Дахаран а, кхолларaллин а некъ, лирикин теманаш а. |

| | |
|---|---|
| 9 | Ахматова Р.С. Дахаран, кхоллараллин некъ, лирикехь зудчуьнан васт. |
| 10 | Айдамиров А.А. Дахаран, кхоллараллин некъ, «Еха буьйсанаш» романан идейни чулацам коьртачу турпалхойн васташ. |
| 11 | Арсанукаев Ш.А. Дахаран, кхоллараллин некъ, Арсанукаев Ш.А. поэзин теманаш а, мехалла а. |
| 12 | Окуев Ш. Дахаран, кхоллараллин некъ, коьрта произведенеш |
| 13 | Ахмадов М.М. Дахар, кхолларалла, коьрта произведенеш |
| 14 | Абдуллаев Л. Кхолларалла (шайн лаамехь). |
| 15 | Бексултанов М. Кхолларалла (шайн лаамехь). |
| 16 | Цуруев Ш. Кхолларалла (шайн лаамехь) |
| 17 | «Орга» журналан обзор яр 2012-чу шеран шина номерна (шайн лаамехь, хетарг яздар) |
| 18 | «Даймохк» газетан обзор яр (хетарг яздар). |

**6.3. Задания для самостоятельной работы студентов**

**Т1едиллар 1. Къастаде литературни маттахь долу дешнаш а, диалектаца дерш а. Билгалъяккха диалект.**

*Буьрканах ловзу, бурканах ловзу; еша книга лохьа, еша книга нохьа; цига, кхуза, удде; стака, стол, истака, истол; ваханера, яханера, вахана вара, яхана яра; г1айба, бамба, дарба, г1айма, бамма, дарма; 1ожана, 1ажана; бедо, бадо; мочхал, мохчал; саьрмсекх, сомарсакх; куьг, куьги; т1оьрмиг, т1орма; кехат, кахт; кортали, кортиллар; дог1маш, дег1новш; кхесарш, кхесновш; гезарий, газарий; сегил, стигал; стаг, саг; сту, уст; хьайр, хьер, байракх,бейракх, майда, мейда.*

**Т1едиллар 2 . Къастаде, муьлхачу дешнашкахь ду юх-юххехь ши мукъа аз.**

*Юьхк, яьшка, тоелла, театр, цхьаьнаоь, хьеялар, йолаялар, тоялар, айъавалар, яйъар, т1еэцар, пхеашеран.*

**Т1едиллар 3. Маса аз а, элп а ду х1окху дешнашкахь:**

*Юткъа, юьстаха, яйъаяла, язаяйта, юхаяккха, екхаяла, елхаяр, ешура, юхьаръала.*

**Т1едиллар 4. Д1аеша. Дийца, Мамакаев Мохьмадан муьлхачу произведении юкъара кийсаг ю лахахь ялийнарг. Хьалхара предложени фонетически къастае.**

*Дерриг а доладелира Харачуьрчу Хушуллин хаза йо1 Зезаг бахьана долуш. Ткъа бехке ярий техьа Зезаг а, хан кхаьчна самабаьлла къуона безам эцна, шен довхачу даго лоьхачунна и т1еерзарх? Ша езарг веза цунна лаарх? Х1н-х1а, - бохура Зезага ша, - х1ан-х1а, - бохура цуьнан къеначу дас Хушуллас а. – Ткъа х1унда г1ерта техьа и хьаькамаш цу къуоначу нехан безамна юккъе? – бохуш, шаьш шайга хеттарш дора массо а дикачу наха а. Делахь а, майра и д1аала ца хуттуш, цхьа тамашена кхерабелла, тийна 1ара уьш. Ткъа стенах кхерабеллера уьш, делах? – Х1ан-х1а, эхьах? -Х1ан-х1а! Мелхо а, хьаькамех кхерабеллачу цара шайн эхь бехдинера.*

*Цундела, мел ойла ярх, кхин де а г1олехь дерг каро меттиг ца битинера Зезагана. «Хьайн лаамий, дог-ойлий къайла а яккхий, кху ширачу лаьмнийн 1адаташ к1ел саций латта. Мел гена даьккхина дийцичи а, хьо зуда бен яц, къонахчуьнца къовса г1ортар хьуна ца диллина», - бохуш, берахь дуьйна а дас-нанас 1амийна Зезаг.*

**Т1едиллар 5. Схьаязде дешнаш, дийца муьлхачу аьзнех кхолладелла орамехь долу мукъа аьзнаш. *Кеп: томму – татта (о – а)***

*Кхоллу, воьлху, хьоьжу, вуьгу, луьйчу, к1олдан, хьочан, дотту, лоллу, хьосту, воьхку, хуьйцу, воду, тосу.*

**Т1едиллар 6. Яздаза дисинарш юкъа а далош, алфавитан рогIехь дIаязде элпаш.**

*А, ... , б, в, г, ... , д, е, ж, з, и, й, к, ... , ... , ... , л, м, н, о, ... , п, ... , р, с, т, ... , у, ... , ..., х, ... , ... , ц, ... , ч, ... , ш, ..., ъ, ..., ь, э, ю, ... , я, ... , I.*

**Т1едиллар 7. Шалхачу элпашна к1ел цхьа сиз хьакха, шалачу элпашна к1ел ши сиз хьакха.**

*Кхочучу ницкъаца накъостал дан лиъна,*
*Даймехкан декхаро гIаттийна вогIу со,*
*Шен дикчу кIенташка дIаала, боху цо:*
*– Хеназа самъюьйлуш, меттамотт шен хуьйцуш,*
*Мерзачу набарна аганан гIожца туьйш,*
*Доьзалан хьашташа хеназа къежйина*
*Хьомсара шайн нана йиц ма е, – боху цо.*
*Хьаша-да, оьздангал лаьттинчу хIусмашкахь,*
*Яхь йолуш кхиинчу шен дикчу кIенташка,*
*Бехачохь, дуьйцучохь, боккхучу когаца,*
*Сийлахьчу Даймехкан сий айде, боху цо.*
*(М. Мамакаев. «Даймехкан косташ»)*

**Т1едиллар 8. ТIадамийн метта оьшучохь элпаш а дохкуш, тIера схьаязде дешнаш. Далийна дешнаш юкъахь а долуш предложенеш х1иттае.**

*Ц...къац...къа, ц1е…хьана, т1а…кха, нац...къара, ниц...къ, ц...оц…къам, т...къа, де...къа, туьп...алг, т1аь…хьара, охьаи…кхина, э…т1а, гаь…лаш, риц…къ, шат…къа.*

**Т1едиллар 9. ТIера схьаязье. Мукъачу шалха элпана кIел цхьа сиз, мукъазчу шалхачу элпана кIел ши сиз хьакха.**

*Эвхьаза дош олуш ахь тидам бе,*
*Ницкъ кхочуш, ирчаниг ма алалахь;*
*Кхеттачохь маьттаза муо битна бен,*
*Цо дагна йина чов соь ерзалац…*
*Йоманца дог тодан лор карош вац,*
*Цкъа йома йиллинехь, дац хьуна дош.*
*КIеззиг сан бехк хиларх хIумма а дац,*
*Безамна чов ма е, Iалашде дог!*
*ЦIе яйна кхерч бисарх ма йохалахь,*
*Къийдаларх, сискалх а вай девр ма дац,*
*Цкъа кагдахь, даг тIера заз денлур дац,*
*Цундела Iалашде безаман гIад! (М. Мамакаев.)*

**Т1едиллар 10. Д1аеша. Т1ера схьаязде. Шалачу элпашна к1ел цхьа сиз хьакха, шалхачу элпашна ши сиз хьакха.**

*Хан мел ели, алсамо сагатдора Арсбис. Д1аихначера ойланаш дагаоьхура. Джо а, Т1ат1аш а, иллеш башха олуш волу Джабраил а ган а, цаьрца хила а, уьш бехаш болчу, ша вина а, кхиъна а волчу лаьтта т1ехь ваха а лаьара цунна. Амма дагалецамаш кхин а гена д1аоьхура: кхечеран, балехь бохкучеран ирсехьа цо шайца цхьаний къийсам латтийна болу Дмитрий а, Степан Тарасович а дагара ца волура цунна. Мичхьа бу техьа уьш, цуьнан хьоме доттаг1ий? Ткъа кхин а йог1ур ма ю мостаг1ащца лата деза долу хан! Дуьйцийла йоццуш йог1ура ю! Т1аккха юха а Даймахкехьа д1аяхара цуьнан ойланаш.*

**6.4. Перечень учебно-методического обеспечения для самостоятельной литературы**

1. Л.Д. Ахмадова, З.А. Ахмедова. Сборник упражнений для самостоятельной работы по чеченскому языку. . – Грозный: ГГНТУ, 2013
2. А.Арсанукаев. Нохчийн яздархой. Iтом. – Соьлжа-г1ала: «Арфа-Пресс», 2012 ш.
3. А.Арсанукаев. Нохчийн литература. 9 классана учебник. – Соьлжа-г1ала: «Арфа-Пресс», 2008 ш.
4. А.Арсанукаев, У.Эжаев. Чеченская литература: Учебная хрестоматия для 10 класса. – Грозный: Абат, 2003
5. А. Кусаев. Писатели Чечни: Проза. – Грозный: ГУП «Книжное издательство», 2005.
6. А.Кусаев. Писатели Чечни. Книга третья. – Элиста: ГУП ЗАОр «НПП «Джангар», 2010

## 7. Оценочные средства

### 7.1. Вопросы к первой рубежной аттестации

1. Ло литературни меттан определени.Йийца нохчийн меттан коьрта диалекташ.
2. ХӀун Ӏамадо фонетико? ХӀун Ӏамадо графико?
3. Стенах олу алфавит? Маса элп ду нохчийн алфавитехь?
4. Дийца муьлхарш ду мукъа а, мукъаза аьзнаш?
5. Муьлха элпаш ду нохчийн маттахь тӀеэцначу дешнашкахь бен ца яздеш?
6. Дийца деха а, доца а, шала а, шалха а, элпех лаьцна.
7. Стенах олу лексика?
8. Муьлхачарех олу синонимаш, антонимаш, омонимаш?
9. Даладе дешан нийса а, тӀедеана а маьӀна, ширделла а, керла а дешнаш.
10. Стенах олу дошкхолладалар. Даладе дошкхолладаларан некъаш.

### 7.2. Вопросы ко второй рубежной аттестации

1. Стенах олу цӀердош? Текста юкъара схьаязде ц1ердешнаш. Билгалде церан терахь, класс.
2. Маса легар ду цӀердешнийн, маса дожар ду?
3. Схьаязде текста юкъара билгалдешнаш. Билгалдаха церан тайпанаш.
4. Стенах олу цӀерметдош? Текста юкъара схьаязде цӀерметдешнаш. Билгалдаха церан тайпанаш.
5. Схьаязъе текст, цу юкъара терахьдешнаш билгал а дохуш. Къастаде церан тайпанаш.
6. Стенах олу терахьдош?
7. Йозанца дӀаязде терахьдешнаш.
8. Схьаязде текста юкъара хандешнаш. Муьлхачу хенашкахь ду уьш?
9. Стенах олу куцдош? Схьаязде текста юкъара куцдешнаш.
10. Стенах олу предложени? Предложенин тайпанаш.

### 7.3. Вопросы к отчету

1. Ло литературни меттан определени. Йийца нохчийн меттан коьрта диалекташ.
2. Нохчийн меттан Ӏилманчаш.
3. Нохчийн меттан коьрта газеташ, журналаш.
4. Нохчийн поэташ, яздархой.
5. ХӀун Ӏамадо фонетико? Дийца муьлхарш ду мукъа а, мукъаза а?
6. ХӀун Ӏамадо графико? Стенах олу алфавит? Маса элп ду нохчийн алфавитехь?.
7. Муьлха элпаш ду нохчийн маттахь тӀеэцначу дешнашкахь бен ца яздеш?
8. Дийца деха а, доца а, шала а, шалха а, элпех лаьцна.
9. Стенах олу лексика?
10. Муьлхачарех олу синонимаш, антонимаш, омонимаш?
11. Дийца дешан нийса а, тӀедеана а маьӀна, ширделла а, керла а дешнех лаций. (Даладе масалш).
12. ЦӀердош, цуьнан классаш,
13. Ц1ердешан дожарш а, легарш а.
14. Билгалдош, цуьнан тайпанаш, дожаршца хийцадалар.
15. ЦӀерметдош, цуьнан тайпанаш.
16. Терахьдош, цуьнан тайпанаш, нийсаяздар.
17. Хандош, цуьнан хенаш.
18. Куцдош, тайпанаш.
19. ХӀун Ӏамадо синтаксисо? Стенах олу предложени? Предложенин тайпанаш.
20. Цхьалхе а, чолхе а предложенеш.

**7.4. Образцы заданий для практических занятий**

**Т1едиллар 1.** Хаза б1аьсте а т1екхечира. Арахь йохъелла д1ах1оьттира. Шен нисъеллачу кертана чухула, г1овг1ане йолчу тулг1енца детталуш, Нева керчара. Iаржъеллера, хан яра яьлла. Гуьйре шелъелира, Зайнап шекъелира цунах, цо книга схьа ца еана-кх аьлла. Хьагъеллачу говро ведарна т1е а, Ахьмин куьйга т1е а бат 1уьттура. Бутт мархашна т1ехьа къайла а белира, буьйса 1аржъелла, шелъелла д1а а х1оьттира. (Къасторан хьаькашна к1ел сиз а хьокхуш, схьаязъе предложенеш).

**Т1едиллар 2.** Маса , чехка, сиха; доттаг1, накъост; говр, дин, алаша; хаза, исбаьхьа; кхаллар, бепиг; къона, жима; мохь, мотт, б1аьрг, га; лекха – лоха, хазахетар – халахетар; к1айн – 1аьржа; дика – вон; воккха – жима; дуьра – теза .

(Билгалдаха синонимаш, омонимаш, антонимаш: омонимашций, синонимашций предложенеш х1иттае).

**Т1едиллар 3.** Г1ант, йиша, ваша, седа, юрт, кор, де, ц1е, илли, нус, лам, болх, суьйре.

(Дукхаллин терахье дерзаде х1ара ц1ердешнаш).

**Т1едиллар 4.** Синтар , къамел, ваша, мача, саба, белхало, г1уллакх, куьг, хьехархо.

(Дожаршца хийца х1ара ц1ердешнаш, билгалдаха легарш).

**Т1едиллар 5.** Гуьйренан де, дешархочун лаам, юьртара хьаша, вешин доьзал, йоккха г1ала, аннийн керт, йишин йовлакх. ( Тайпанашка декъа х1ара билгалдешнаш).

**Т1едиллар 6.** Йозанца д1аязде терахьдешнаш. 1984, 17, 19, 213, 5, 2, 47, 73, 100, 38, 1932, 14, 16, 55.

**Т1едиллар 7.** Билгалзачу кепехь д1аязде х1ара хандешнаш: олу, элира, доьшу, дешна, хуьйцу, хезира, алахьа, язделахь, дийцира, тухур ю.

**Т1едиллар 8.** Шина к1антана жерахь д1атаь1начохь наб кхийтира. Наггахь куьг кхочучу шифонъера т1ера т1аьрсиг эт1а доладелла альбом схьаоьцу ас. Г1еххьа баса даьллачу суьрта т1ера шийтта шо долу йо1 хьоьжу соьга. Стенна делахь а, массо суьртел кхуьнга дукха хьоьжу со.

Белхан деношкахь берийн бешара ши к1ант шаьш вог1у ц1а – гуттара санна, со балхахь хьело.

(Текста юкъара схьаязде ц1ерметдешнаш. Билгалдаха церан тайпанаш).

**Т1едиллар 9.** И мохь вуно шера хезара Арснакъина, цунна Бикатуна цхьа бохам хиллийла а хаьара, делахь а Арснакъин Бикатуна орцах вала йиш яцара. Бикату, шен Iусамех б1аьрг кхетча, Арснакъина ца хазийта меллаша йистхилира. Юха алсамо хезира.

(Схьаязъе, билгалдаха куцдешнаш а, церан даржаш а).

**Т1едиллар 10. Схьаязъе. Билгалъяха цхьалхе предложенеш, чолхе предложенеш..**

… Шу х1умма а шайн доцучу хенахь сан дара. Со шул вара х1етахь. Х1инца нехан хили шу. Хьалха со волчу дог1ура шун некъаш. Х1инца кхечахьа ду. Сискало дузийра шу.

Мила тешара, гергарчу наха хьан новкъа оьрнаш доху бохучух! «Хьан хьайн стагал цкъацкъа хийра накъост тоьлу хьуна», - олура тхан дас. Шун чуьрчо юккхуш хилла-кх стеган чоь.

Хан ца йойуш, т1е х1умнаш а юьйхина, сихха араиккхира со, нах г1овттале аьлла. Шийла, ц1ена х1аваъ, юьхь самайоккхуш, йайчу хьожанца хьерчара сох. Бода аренашкара уьдуш, сихбелла лечкъаш бара хьуьнан йистошца. Малхбалехьа таттаеллачу мархашна юккъехула дуткъа, дехха стиглан сенлун лента дара дахделла. Лахара йист геннара етталучу ц1ечу серлоно ц1естан басе ерзийнера цуьнан. Де г1оттуш дара.

**7.4.1 Образец словарного диктанта**

Ц1еххьана, юткъа, цкъацкъа, юьхь1аьржа, ткъаткъа, могг1ара, дезткъа, т1аккха, мацъелла, шокьеттарг, айъало, партъаьлла, малъелла, з1окьеттарг, юьстахаъюьйлу, юьстахйолу, шекйолу, шекьяьлла, тишъян, хьагъян, ойъу, хьалаайъа, чекхъюьйлу.

### 7.5. Образец диктанта

**Диктант.**

Доттаг1ий.

Вехаш хилла цхьа ши доттаг1. Цхьаъ ч1ог1а вехаш хилла боху, важа къен хилла. Къен 1аш волчунна ч1ог1а езаелла бехаш 1аш болчу нехан йо1. Ткъа оцу к1ентан нанна а и бен ялон лууш ца хилла.

Вехаш 1ачу доттаг1чо ша болу шен бахам д1абелла шен доттаг1чунна. Ткъа цунах ч1ог1а кхаъ хилла, и йо1 ялийна, ваха хиъна къен 1аш хилла доттаг1.

Цхьана дийнахь, ганза дукха хан яьлча, ша саг1а доьхург ву аьлла, кет1а веана бахам д1абелларг. Иза, х1умма а ца луш, д1авахийтина. Ч1ог1а и новкъадеана, ойлане ваьлла х1ара д1авоьдуш, цхьана базар кхаьчна. Кхунна т1е веана, цхьана воккхачу стага дехар дина, ша схьаваллалц х1ара гали лардахьара аьлла. Нагахь ша делкъале схьа ца ваг1ахь, хьайна дуьтур ду ахьа иза аьлла, д1авахана и воккха стаг. Ши-кхо де даьлча, и схьа ца веъча, чухьаьжча, кхунна гина гали дуьззина ахча.

И ахча схьа а эцна, д1аваханчу кхо керт эцна, ша хьалха ма-хиллара ваха хиъна. Дикка х1ара ваха охьахиинчу хенахь, кхуьнан кет1а еана цхьа йоккха стаг. Ша хьайна чохь г1уллакх дан яийтахьара аьлла цо. Шен нана хир ю хьо тахана дуьйна д1а, аьлла к1анта. Дукха хан ялале, оцу цуьнан нана ю бохучу йо1 хьахийна кхунна, реза хилла кхо и ялийна.

### 7.2. Оценочные средства для текущего контроля успеваемости, промежуточной аттестации по итогам освоения дисциплины

**7.2.1.Вопросы к первой рубежной аттестации**

1. Ло литературни меттан определени. Йийца нохчийн меттан коьрта диалекташ.
2. ХӀун Ӏамадо фонетико? ХӀун Ӏамадо графико?
3. Стенахолу алфавит? Маса элп ду нохчийн алфавитехь?
4. Дийца муьлхарш ду мукъа а, мукъаза аьзнаш?
5. Муьлха элпаш ду нохчийн маттахь тӀеэцначу дешнашкахь бен ца яздеш?
6. Дийца деха а, доца а, шала а, шалха а, элпех лаьцна.
7. Стенах олу лексика?
8. Муьлхачарех олу синонимаш, антонимаш, омонимаш?
9. Даладе дешан нийса а, тӀедеана а маьӀна, ширделла а, керла а дешнаш.
10. Стенах олу дошкхолладалар. Даладе дошкхолладаларан некъаш.

**7.2. 2. Вопросы ко второй рубежной аттестации**

1. Стенах олу цӀердош? Текста юкъара схьаязде ц1ердешнаш. Билгалде церан терахь, класс.
2. Маса легар ду цӀердешнийн, маса дожар ду?
3. Схьаязде текста юкъарабилгалдешнаш. Билгалдаха церан тайпанаш.
4. Стенах олу цӀерметдош? Текста юкъара схьаязде цӀерметдешнаш. Билгалдаха церан тайпанаш.
5. Схьаязъе текст, цу юкъара терахьдешнаш билгал а дохуш. Къастаде церан тайпанаш.
6. Стенах олу терахьдош?
7. Йозанца дӀаязде терахьдешнаш.
8. Схьаязде текста юкъара хандешнаш. Муьлхачу хенашкахь ду уьш?
9. Стенах олу куцдош? Схьаязде текста юкъара куцдешнаш.
10.Стенах олу предложени? Предложенин тайпанаш.

**7.2.3. Вопросы к зачету**

8. Ло литературни метан определени. Йийца нохчийн меттан коьрта диалекташ.

9. Нохчийн меттан Іилманчаш.
10. Нохчийн меттан коьрта газеташ, журналаш.
11. Нохчийн поэташ, яздархой.
12. ХІун Іамадо фонетико? Дийца муьлхарш ду мукъа а, мукъаза а?
13. ХІун Іамадо графико? Стенахолу алфавит? Маса элп ду нохчийн алфавитехь?.
14. Муьлха элпаш ду нохчийн маттахь тІеэцначу дешнашкахь бен ца яздеш?
8. Дийца деха а, доца а, шала а, шалха а, элпех лаьцна.
9. Стенах олу лексика?
10.Муьлхачарех олу синонимаш, антонимаш, омонимаш?
11.Дийца дешан нийса а, тІедеана а маьІна, ширделла а, керла а дешнех лаций. (Даладе масалш).
12. ЦІердош, цуьнан классаш,
13. Ц1ердешан дожарш а, легарш а.
14. Билгалдош, цуьнан тайпанаш, дожарщца хийцадалар.
15. ЦІерметдош, цуьнан тайпанаш.
16. Терахьдош, цуьнан тайпанаш, нийсаяздар.
17. Хандош, цуьнанхенаш.
18. Куцдош, тайпанаш.
19. ХІун Іамадо синтаксисо? Стенах олу предложени? Предложенин тайпанаш.
20. Цхьалхе а, чолхе а предложенеш.

### 7.2.4. Образцы заданий для практических занятий

**Т1едиллар 1.** Хаза б1аьсте а т1екхечира. Арахь йохъелла д1ах1оьттира. Шен нисъеллачу кертана чухула, г1овг1ане йолчу тулг1енца детталуш, Нева керчара. Іаржъеллера, хан яра яьлла. Гуьйре шелъелира, Зайнап шекъелира цунах, цо книга схьа ца еана-кх аьлла. Хьагъеллачу говро ведарна т1е а, Ахьмин куьйга т1е а бат 1уьттура. Бутт мархашна т1ехьа къайла а белира, буьйса 1аржъелла, шелъелла д1а а х1оьттира. (Къасторан хьаьркашна к1ел сиз а хьокхуш, схьаязъе предложенеш).

**Т1едиллар 2.** Маса , чехка, сиха; доттаг1, накъост; говр, дин, алаша; хаза, исбаьхьа; кхаллар, бепиг; къона, жима; мохь, мотт, б1аьрг, га; лекха – лоха, хазахетар – халахетар; к1айн – 1аьржа; дика – вон; воккха – жима; дуьра – теза .

(Билгалдаха синонимаш, омонимаш, антонимаш: омонимашций, синонимашций предложенеш х1иттае).

**Т1едиллар 3.** Г1ант, йиша, ваша, седа, юрт, кор, де, ц1е, илли, нус, лам, болх, суьйре.
(Дукхаллин терахье дерзаде х1ара ц1ердешнаш).

**Т1едиллар 4.** Синтар , къамел, ваша, мача, саба, белхало, г1уллакх, куьг, хьехархо.
(Дожарщца хийца х1ара ц1ердешнаш, билгалдаха легарш).

**Т1едиллар 5.** Гуьйренан де, дешархочун лаам, юьртара хьаша, вешин доьзал, йоккха г1ала, аннийн керт, йишин йовлакх. ( Тайпанашка декъа х1ара билгалдешнаш).

**Т1едиллар 6.** Йозанца д1аязде терахьдешнаш. 1984, 17, 19, 213, 5, 2, 47, 73, 100, 38, 1932, 14, 16, 55.

**Т1едиллар 7.** Билгалзачу кепехь д1аязде х1ара хандешнаш: олу, элира, доьшу, дешна, хуьйцу, хезира, алахьа, язделахь, дийцира, тухур ю.

**Т1едиллар 8.** Шина к1антана жерахь д1атаь1начохь наб кхийтира. Наггахь куьг кхочучу шифонъера т1ера т1аьрсиг эт1а доладелла альбом схьаоьцу ас. Г1еххьа баса

даьллачу суьрта т1ера шийтта шо долу йо1 хьоьжу соьга. Стенна делахь а, массо суьртел кхуьнга дукха хьоьжу со.

Белхан деношкахь берийн бешара ши к1ант шаьш вог1у ц1а – гуттара санна, со балхахь хьело.

(Текста юкъара схьаязде ц1ерметдешнаш. Билгалдаха церан тайпанаш).

**Т1едиллар 9.** И мохь вуно шера хезара Арснакъина, цунна Бикатуна цхьа бохам хиллийла а хаьара, делахь а Арснакъин Бикатуна орцах вала йиш яцара. Бикату, шен Iусамех б1аьрг кхетча, Арснакъина ца хазийта меллаша йистхилира. Юха алсамо хезира.

(Схьаязъе, билгалдаха куцдешнаш а, церан даржаш а).

**Т1едиллар 10. Схьаязъе. Билгалъяха цхьалхе предложенеш, чолхе предложенеш..**

… Шу х1умма а шайн доцучу хенахь сан дара. Со шул вара х1етахь. Х1инца нехан хили шу. Хьалха со волчу дог1ура шун некъаш. Х1инца кхечахьа ду. Сискало дузийра шу.

Мила тешара, гергарчу наха хьан новкъа оьрнаш доху бохучух! «Хьан хьайн стагал цкъацкъа хийра накъост тоьлу хьуна», - олура тхан дас. Шун чуьрчо юккуш хилла-кх стеган чоь.

Хан ца йойуш, т1е х1умнаш а юьйхина, сихха араикккхира со, нах г1овттале аьлла. Шийла, ц1ена х1аваъ, юьхь самайоккхуш, йайчу хьожанца хьерчара сох. Бода аренашкара уьдуш, сихбелла лечкъаш бара хьуьнан йистошца. Малхбалехьа таттаеллачу мархашна юккъехула дуткъа, дехха стиглан сенлун лента дара дахделла. Лахара йист геннара етталучу ц1ечу серлоно ц1естан басе ерзийнера цуьнан. Де г1оттуш дара.

### 7.2.4. Образец словарного диктанта

Ц1еххьана, юткъа, цкъацкъа, юьхь1аьржа, ткъаткъа, могг1ара, дезткъа, т1аккха, мацъелла, шокьеттарг, айъало, партъаьлла, малъелла, з1окьеттарг, юьстахаъюьйлу, юьстахйолу, шекйолу, шекьяьлла, тишъян, хьагъян, ойъу, хьалаайъа, чекхъюьйлу.

### 7.2.5. Образец диктанта

Диктант.

Доттаг1ий.

Вехаш хилла цхьа ши доттаг1. Цхьаъ ч1ог1а вехаш хилла боху, важа къен хилла. Къен 1аш волчунна ч1ог1а езаелла бехаш 1аш болчу нехан йо1. Ткъа оцу к1ентан нанна а и бен ялон лууш ца хилла.

Вехаш 1ачу доттаг1чо ша болу шен бахам д1абелла шен доттаг1чунна. Ткъа цунах ч1ог1а кхаъ хилла, и йо1 ялийна, ваха хиъна къен 1аш хилла доттаг1.

Цхьана дийнахь, ганза дукха хан яьлча, ша саг1а доьхург ву аьлла, кет1а веана бахам д1абелларг. Иза, х1умма а ца луш, д1авахийтина. Ч1ог1а и новкъадеана, ойлане ваьлла х1ара д1авоьдуш, цхьана базар кхаьчна. Кхунна т1е веана, цхьана воккхачу стага дехар дина, ша схьаваллалц х1ара гали лардахьара аьлла. Нагахь ша делкъале схьа ца ваг1ахь, хьайна дуьтур ду ахьа иза аьлла, д1авахана и воккха стаг. Ши-кхо де даьлча, и схьа ца веъча, чухьаьжча, кхунна гина гали дуьззина ахча.

И ахча схьа а эцна, д1аваханчу кхо керт эцна, ша хьалха ма-хиллара ваха хиъна. Дикка х1ара ваха охьахиинчу хенахь, кхуьнан кет1а еана цхьа йоккха стаг. Ша хьайна чохь г1уллакх дан яийтахьара аьлла цо. Шен нана хир ю хьо тахана дуьйна д1а, аьлла к1анта. Дукха хан ялале, оцу цуьнан нана ю бохучу йо1 хьахийна кхунна, реза хилла кхо и ялийна.

### 7.2.5. Вид промежуточного контроля по дисциплине «Чеченский язык»

**Задания по вариантам к 1-ой рубежной аттестации**

1-ра вариант

Аттестационни болх

1. Йийца нохчийн литературни маттана а, нохчийн меттан диалекташна а юккъехь йолу башхалла.

2. Бийца нохчийн меттан коьрта 1илманчаш.

3. Х1ун 1амадо фонетико?

4. Билгалдаха мукъа а, мукъаза а аьзнаш. Мукъачаьрна т1ехула сиз хьакха, мукъазачаьрна буха сиз хьакха.

*Сихо мелла ойла йар а доцуш,*
*Дош д1акхоссахь воцуш цуьнан да,*
*Дохковаларх дог шен бале лоцуш,*
*Вуьтар ву цо шен юьхь1аьржо лан.*

5. Аьзнаш элпел сов долу кхо дош язде.

6. Йийца элпана а, озана а юккъехь йолу башхалла.

7. Х1окху дешнашна синонимаш даладе: *адамаш, сакхт, бакъо, духар, забар, къамел, къоналла, саг1а, онда, бохам.*

8. Нохчийн меттан кхечу маттера т1еэцна пхи дош язде.

9. Дийца дошкхолладаларан некъаш. Даладе масалш.

10.Х1окху дешнех керла дешнаш кхолла: *лам, са, урам, ала, кхача, хета, талла.2б.*

11. Цхьаллин терахьера ц1ердешнаш дукхаллин терахье а дохуш, церан грамматически классаш билгалъяха: *хаам, некъ, хьехархо, ваша, деца, са, стом. .*

12. Дожарщца хийца ц1ердешнаш. Къастаде церан легар: къонах, х1оз, йиша.

## Задания по вариантам ко 2-ой рубежной аттестации

Аттестационни болх

1-ра вариант

1. Цхьаллин терахьера ц1ердешнаш дукхаллин терахье а дохуш, церан грамматически классаш билгалъяха: *хаам, некъ, хьехархо, ваша, деца, са, стом.*

2. Дожарщца хийца ц1ердешнаш. Къастаде церан легар: Аьрзу, *гергарло, ваша.*

3. Текстана юккъера билгалдешнашна буха сиз хьакха. Билгалдаха церан тайпанаш.

*Мох «цкъу-у-в цкъув-ван-нехь хьоькху, лергашкахь ов детташ ека цуьнан юткъа шок. Наггахь верг соций, герггахь уг1уш берзалойн арданг ю-кха олий, коьрта т1ера башлакх юха а тосий, схьайоккхий топ кара а лоций, гуш х1ума дацахь а, гонаха хьожу.*

4. Дешнашца д1а а яздеш тайпанашца хийца х1ара терахьдешнаш: 5, 10, 13, 20, 100.

5. Ц1ерметдешнашна буха сиз хьакха, тайпанаш къастаде.

*Хьо-м хилла 1аламо хьистина эсала, Ткъа х1инца-м хьох хьоьгуш хир ду и ша:*
*Исбаьхьа юьхь-сибат! Х1ора дош-эшар! Дуьне шайх хьегор ду хьан б1аьргаша!*
*Ма хаза кхоьллина хилла хьо, езар! Ма товш ду хьоьгахь и хьан башха куц!*

6. Текстана юккъера хандешнашна буха сиз хьакха, церан хан билгалъяккха.

*Пондаро дуьйцура, нанас шен цхьаъ бен воцу к1ант мел везаш кхиийна, дуьйцура ненан сийлахьчу боккхачу безамах… Цо дуьйцура к1ант-т1емало мел майра, доьнал долуш кхиънера, т1аьххьара а, т1еман герзаш вовшахдетталуш санна къора бийкира пондар.*

**8. Учебно-методическое и информационное обеспечение дисциплины**

## Основная литература

**учебники, учебные пособия:**

1. *В.А. Янгульбаев, Ж.М. Махмаев*. 5-6-чу классашна лерина нохчийн меттан учебникаш. – Грозный: ГУ «Книжни издательство», 2006.
2. З.Д. Джамалханов, Т.Н. Чинхоева. Правила правописания на чеченском языке. Учебник для 10-11 кл. – Грозный: ГУ «Книжни издательство», 2007.
3. А.Арсанукаев. Нохчийн литература. 9 классана учебник. – Соьлжа-г1ала: «Арфа-Пресс», 2008.
4. А.Арсанукаев, У.Эжаев. Чеченская литература: Учебная хрестоматия для 10 класса. – Грозный: Абат, 2003.

**методические пособия:**
1. *Л.Д. Ахмадова*. Методическая разработка по тематике аудиторных занятий по дисциплине «Чеченский язык» (для всех специальностей). – Грозный: ГГНИ, 2009.
2. *Л.Д. Ахмадова, З.А. Ахмедова.* Сборник упражнений для самостоятельной работы по чеченскому языку. – Грозный: ГГНТУ, 2013.

## Дополнительная литература

**учебники, учебные пособия:**
1. А. Кусаев. Писатели Чечни: Проза. – Грозный: ГУП «Книжное издательство», 2005.
2. А.Кусаев. Писатели Чечни. Книга третья. – Элиста: ГУП ЗАОр «НПП «Джангар», 2010.
3. А.Арсанукаев. Нохчийн яздархой. Iтом. – Соьлжа-г1ала: «Арфа-Пресс», 2012.
4. *С.Э. Эдилов*. Самукъане грамматика 5-11 классашна. Дешаран пособи. – Грозный: Издательство «Арфа-Пресс», 2010.

**словари и справочники:**

1. А.Г. Мациев. Чеченско-русский словарь. Москва – 2000.
2. А.Т. Исмаилов. Слово. (Размышления о чеченском языке). – Элиста: АПП «Джангар», 2005.

**9.Материально техническое обеспечение дисциплины**

В процессе изучения дисциплины «Чеченский язык» задействованы:
- кабинет чеченского языка;
- читальный зал и абонемент библиотеки ГГНТУ;
- интерактивная доска;
- компьютеры для самостоятельной работы студентов (доступ к сети Интернет).

## 8. Учебно-методическое и информационное обеспечение дисциплины

**а. Основная литература**

1. *В.А. Янгульбаев, Ж.М. Махмаев*. 5-6-чу классашна лерина нохчийн меттан учебникаш. – Грозный: ГУ «Книжни издательство», 2006
2. З.Д. Джамалханов, Т.Н. Чинхоева. Правила правописания на чеченском языке. Учебник для 10-11 кл. – Грозный: ГУ «Книжни издательство», 2007
3. А.Арсанукаев. Нохчийн литература. 9 классана учебник. – Соьлжа-г1ала: «Арфа-Пресс», 2008 ш.

**методические пособия:**

1. *Л.Д. Ахмадова*. Методическая разработка по тематике аудиторных занятий по дисциплине «Чеченский язык» (для всех специальностей). – Грозный: ГГНИ, 2009
2. *Л.Д. Ахмадова, З.А. Ахмедова.* Сборник упражнений для самостоятельной работы по чеченскому языку. – Грозный: ГГНТУ, 2013

**б. Дополнительная литература**

**учебники, учебные пособия:**

1. А. Кусаев. Писатели Чечни: Проза. – Грозный: ГУП «Книжное издательство», 2005
2. А.Кусаев. Писатели Чечни. Книга третья. – Элиста: ГУП ЗАОр «НПП «Джангар», 2010
3. А.Арсанукаев. Нохчийн яздархой. Iтом. – Соьлжа-г1ала: «Арфа-Пресс», 2012 ш.
4. *С.Э. Эдилов*. Самукъане грамматика 5-11 классашна. Дешаран пособи. – Грозный: Издательство «Арфа-Пресс», 2010

**словари и справочники:**

1. А.Г. Мациев. Чеченско-русский словарь. Москва – 2000
2. А.Т. Исмаилов. Слово. (Размышления о чеченском языке). – Элиста: АПП «Джангар», 2005

## 9. Материально техническое обеспечение дисциплины

В процессе изучения дисциплины «Чеченский язык» задействованы:

- кабинет чеченского языка;
- читальный зал и абонемент библиотеки ГГНТУ;
- интерактивная доска;
- компьютеры для самостоятельной работы студентов (доступ к сети Интернет).

**Составитель:**

Ст. преподаватель
Межфакультетской языковой кафедры ________________ / Т.Б. Хабусиева/

**СОГЛАСОВАНО:**

Зав. Межфакультетской языковой кафедрой ______________ / Т.Б. Хабусиева /

Зав. выпускающей кафедрой
«Теплотехника и гидравлика» ______________________________/ Р.А-В. Турлуев /

Директор ДУМР _____________________________________ / М.А. Магомаева/